

Lekòl Leta Miami-Dade County

Fòm Pèmision Akseptasyon Akò Responsablite pou Sèvi ak Pwòp Òdinatè/Aparèy Rezo Pèsonèl

Mwen \_\_\_\_\_ (Name of parent or guardian), dakò pou m kite \_\_\_\_\_ (Name of student) pote pwòp aparèy òdinatè l i pou itilizasyon enstriksyonèl nan \_\_\_\_\_ (Name of school). Mwen konprann elèv ki site anwo a ap gen pèmision pou itilize pwòp aparèy li, selon kondisyon ki nan dokiman sa a.

Mwen konprann si mwen dakò pou mwen pèmèt elèv mwen an sèvi avèk pwòp aparèy li, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) oubyen \_\_\_\_\_ (Name of school) pa responsab pou okenn pèt aparèy oubyen enfòmasyon, vòl, kontaminasyon, domaj, oubyen lòt depans pou ranplasman oubyen reparasyon ki fèt pandan jounen lekòl la oubyen lakay akòz patisipasyon nan pwogram sa a. Mwen konprann Anplwaye M-DCPS pap kapab estoke, sipòte oubyen ranje pwòp aparèy elèv yo. Elèv yo site anlè a ap pran responsablite total pou aparèy la e li ap mete tout aparèy yo ansekirite, yon fason ki apwopriye, lè l pap sèvi avèk yo.

M-DCPS sèvi avèk mezi teknolojik tankou filtraj pou pwomote sekirite sou Entènèt. Filtraj la limite kapasite elèv la pou ale sou sit Entènèt ki danjere sou nenpòt aparèy ki konekte sou rezo M-DCPS la, men sèlman lè y ap sèvi ak ekipman sa a nan lekòl ki sou rezo M-DCPS la. Aksè sou rezo selilè yo pa ofri menm mezi filtraj yo. Elèv ta dwe sèlman sèvi avèk rezo M-DCPS la (pa sèvi ak selilè prive) pou aksè Entènèt pandan yo sou pwopriyete MDCPS.

Mwen verifye elèv mwen an okouran tout aspè Règ Komisyon Konsèy 5500 – “Student Conduct and Discipline” (Konduit ak Disiplin Elèv), Règ Komisyon Konsèy 7540.03 – “Student Responsible Use of Technology, Social Media, and District Network Systems” (Responsablite Elèv pou Sèvi ak Teknoloji, Medya Sosyal, ak Sistèm Rezo Distri a), e Kòd Konduit Elèv Distri ak Règ Komisyon Konsèy 5517.01 ki entèdi nuizans sou Entènèt aplike ak itilizasyon e swen aparèy pèsonèl pandan li sou pwopriyete M-DCPS oubyen pandan li ap patisipe nan evènman/aktivite M-DCPS patwone. Mwen responsab pou m asire elèv la itilize aplikasyon sekirite pou pwoteje aparèy yo kont kontaminasyon e anpeche yo kontamine lòt aparèy.

Mwen konprann bi pèmision yo bay elèv mwen an pou itilize pwòp aparèy li se pou patisipe nan aktivite pwofesè apwouve pou sipòte kourikoulòm M-DCPS la. Yo entèdi itilizasyon aparèy sa yo pou aktivite ki pa apwopriye aprè oubyen andeyò pwogram edikasyonèl M-DCPS.

Siyati Paran oubyen Gadyen \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_

Akò Elèv:

Mwen dakò pou m konfòme mwen ak machasuiv yo prezante nan Bwochi sou Dwa ak Responsablite Elèv la. Mwen ap itilize aparèy la(yo) pou bi enstriksyonèl sèlman lè mwen nan nenpòt lekòl M-DCPS oubyen lè m sou rezo M-DCPS la.

Siyati Elèv \_\_\_\_\_

Nimewo Idantifikasyon Elèv \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_/\_\_\_\_\_